



Travayè Agrikòl ak Nouvo Coronavirus 2019 (COVID-19) GID LOJMAN TANPORÈ POU TRAVAYÈ COVID-19

PREPARE. EDIKE. ANPECHE, IZOLE. KOMINIKE.

Anplwayè ak anplwaye yo ka ede anpeche COVID-19 la pwopaje. Gid sa a pral ede anplwaye agrikòl Maryland yo konnen kijan pou anpeche COVID-19 la, ak sa pou yo fè si gen yon epidem. Mezi prevansyon ki pi enpòtan an se bon kominikasyon, prezante yon fason pou tout moun ka konprann kijan pou anpeche maladi a. Sa vle di tout kominikasyon avèk travayè yo dwe nan lang natif natal yo. (Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon) Centers for Disease Control and Prevention (CDC) gen siy ki telechajab ak gid ki disponib nan plizyè langaj.

PREPARE – Fè yon plan epi prepare

- Fè yon plan nan ka travayè yo ta malad. Sa dwe gen ladann konnen kijan yo pral izole travayè ki malad yo pou anpeche lòt travayè ki pa malad yo ekspoze.
 - Konnen kijan yo pral bay manje, dlo, transpòtasyon, ak founiti si travayè yo nan karantèn. Ou dwe gen yon plan kominikasyon tou.
 - Si w pa gen ase espas nan fèm nan pou w izole travayè ki malad oswa travayè ki nan karantèn ki ekspoze yo, kontakte depatman sante lokal ou pou yo ede w detèmine aranjman lojman altènatif. Pèsonèl ki nan depatman sante lokal la dwe kapab reponn nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid ou genyen sou maladi coronavirus 2019 (COVID-19) la.
 - Kenbe yon lis kontak ijans pou travayè yo.
 - Idantifye etablisman swen sante ki pi pre a ki bay moun ki pa gen asirans swen gratis oswa ba pri.
 - Si l posib, fè travayè H2A w enskri nan plan asirans sante lè yo fèk rive.
 - Planifye kijan ak kiyès ki pral bay travayè ki bezwen evalyasyon medikal oswa tretman ki pwoteje toude moun yo travayè ak moun k ap bay transpòtasyon an.
 - Si w gen lojman separe ki disponib ki pa sètifye, **kontakte Maryland DLLR nan 410-230-6100.**
- Develop yon orè pou netwaye ak dezenfekte lojman travayè fèm nan (tankou kwizin, sal kote yo manje, ak twalèt etablisman yo), veyikil transpòtasyon, ak lòt zòn komen andedan ak deyò. Detèmine kiyès ki pral responsab pou netwayaj/dezenfektan ak swivi pou konfime si l konplè.
- Bay founiti pou netwayaj/dezenfekte, dezenfektan men ki gen baz alkòl, dlo, savon, papye men, sèvyèt papye, gan ak mask nan tout lojman ak plas travay yo. CDC rekòmande itilizasyon mask ki pa medikal oswa mask twal pou kouvri figi. Yo dwe rezève mask chirijikal yo pou travayè swen sante yo.
- Kreye yon lis nimewo telefòn enpòtan tankou depatman sante lokal, klinik sante ki pi pre a, Depatman Agrikilti Maryland, ak Depatman Sante Maryland.

EDIKE – Edike tèt ou, manm fanmi w ak travayè yo nan fèm nan

- Viris la pwopaje prensipalman nan moun-ak moun:
 - Ant moun ki gen kontak sere avèk yon lòt moun (nan espas sis pye).
 - Lè yon moun ki enfekte touse oswa estène.
 - Lè yo manyen yon objè oswa sifas ki gen viris la sou li, epi yo manyen bouch, nen oswa je yo.
- Siy ak sentòm ki pi kommen nan COVID-19 la gen ladann:
 - Lafyè, tous, ak/oswa souf kout/difikilte pou respire, fatig, misk oswa kò fè mal, mal tèt, nouvo pèt, nouvo sansasyon pèdi gou bouch oswa sant, kè plen, vomisman oswa dyare.
 - Sentòm yo gen dwa pa parèt pandan 2 a 14 jou apre premye ekspozisyon an.

Rekòmandasyon pou retounen travay:

- Moun ki gen COVID-19 ki gen sentòm men ki p at teste epi yo te mande pou izole tèt yo kapab soti nan izolasyon an epi retounen travay si:
 - Omwen 10 jou pase depi premye sentòm nan te parèt, AK
 - Omwen twa jou (72 èdtan) san lafyè (san l pa pran medikaman pou diminye lafyè); AND
 - Sentòm yo amelyore.
- Moun ki gen COVID-19 ki gen sentòm ki te fè tès epi yo te mande yo izole tèt yo ka sispann izolasyon an epi retounen travay si:
 - Pa gen lafyè pou 3 jou (san li pa pran medikaman pou diminye lafyè); epi
 - Sentòm yo amelyore; ak SWA

Travayè Agrikòl ak Nouvo Coronavirus 2019 (COVID-19)

GID LOJMAN TANPORÈ POU TRAVAYÈ COVID-19

- Moun ki resevwa otorizasyon nan men yon founisè medikal apre de tès negatif COVID-19 ki fèt avèk aplikatè youn dèyè lòt; OSWA
- Si pa gen lòt tès ki disponib, omwen dis jou pase depi premye sentòm nan te parèt.
- Moun ki teste pozitif pou COVID-19 ki pa gen okenn sentòm ka sispann izolasyon an ak retounen travay pa pi bonè pase 10 jou apre premye tès pozitif COVID-19 la, SÈLMAN si yo pa te gen lòt maladi oswa sentòm ki vin apre.

ANPECHE – pi bon fason pou w anpeche COVID-19 la se pou w evite ekspoze

- Teste travayè ki fèk rive yo pou sentòm COVID-19 tankou lafyèv, tous, ak/oswa souf kout/difikilte respire, fatig, misk oswa kò fè mal, mal tèt, nouvo sansasyon pèdi gou bouch oswa sant, mal gòj, kè plen oswa vomisman ak dyare.
- Ranje kabann yo nan tout lojman travayè agrikòl yo nan omwen 6 pye apa, si w posib.
- Ankouraje travayè yo pou yo pratike distans sosyal (rete nan distans omwen 6 pye lwen lòt moun); pou w mete mask espesyalman si yo paka rete nan distans 6 pye apa a; epi touse ak estène nan mitan koud bra w olye nan men w pou w pwoteje tèt yo ak lòt moun kont jèm yo.
- Ankouraje travayè pou yo lave men yo souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn.
- Bay yon dezenfektan ki baze sou alkòl ki gen omwen 60% alkòl si pa gen savon ki disponib.
- Asire ke lojman travayè agrikòl (ki gen ladann kwizin, sal pou manje, ak twalèt etablisman yo) veyikil transpòtasyon, ak lòt zòn yo itilize souvan ak sifas yo netwaye ak dezenfekte chak jou oswa pi souvan jan sa nesèsè.
- Ouvè fenèt ak pòt kay la valè w kapab pou w ogmante sikilasyon lè a.
- Bay travayè kan ak dètwa endividyèl yo ase ajan netwayan ak dezenfektan ki apwopriye pou anpeche COVID-19 la pwopaje.
- Ankouraje distans sosyal (omwen 6 pye apa) ak lòt travayè yo toutan, mete travayè yo nan gwoup ki gen mwens pase 10 moun ki pral pataje menm kay, twalèt, kwizin, transpòtasyon ak plas travay. Anpeche kontak ant gwoup sa yo valè w kapab.
- Ankouraje travayè yo rete nan distans 6 pye apa pou aktivite sosyal oswa manje.
- Anpeche travayè ak vizitè yo rasanble bò kote machin, zòn pakinn, kay ak zòn ki gen gwo trafik nan fèm nan.
- Afiche feyè sou prevansyon ak sentòm coronavirus an Anglè ak lang natif natal travayè yo nan plizyè kote nan fèm nan (tankou kay, kwizin, twalèt, magazen, kote yo pran repo, porta Johns, inite netwayaj terenm zòn deyò yo elatriye). Feyè yo dwe gen yon langaj ki senp e ki gen imaj.
- Konsidere bay manje ak lòt founiti ki nesèsè pou minimize ekspozisyon travayè yo nan viris la nan fèm nan.
- Transpòte travayè yo nan fason ki pèmèt yo rete omwen 6 pye apa menm si oud we fè plizyè wwayaj. Dezenfekte transpò a ant wwayaj.

IZOLE – Separe travayè ki malad ak ekspoze yo ak lòt moun yo

- Si yon moun teste pozitif pou COVID oswa si l gen sentòm, yo dwe separe l avèk lòt travayè yo epi mete l nan yon zòn ki izole lwen lòt moun yo. Depatman Sante Maryland rekòmande pou yo separe enstalasyon dòmi, twalèt, ak kwizin pou travayè ki gen sentòm oswa pozitif pou COVID la.
- Swiv gid CDC a nan “Aplike Pratik Sekirite pou Travayè Enfrastrikti Kritik Ki Ka ekspoze ak yon Moun yo Sispekte oswa Konfime ki gen COVID-19”.
- Si pa gen lojman separe ki disponib, kontakte depatman sante lokal oswa MDH pou w detèmine pi bon fason pou w pwoteje travayè yo ak ki resous kominotè ki disponib.
- Travayè agrikòl ki malad oswa ki gen sentòm respirasyon PA dwe retounen travay jiskaske yo satisfè kondisyon ki nan lis CDC ki anwo.

KOMINIKE – Kominikasyon se kle pou siksè

- Chache konsèy medikal si oumenm oswa travayè ki nan fèm nan devlope sentòm.
- Fè tès depistaj sou travayè yo pou sentòm epi pale avèk travayè w chak jou pou w detèmine si nenpòt moun ta malad, Si yo bezwen founiti siplemantè, ak pou bay mizajou konsènan COVID-19.
- Kontakte depatman sante lokal ou avan travayè yo rive e jan yo mande a rapòte nenpòt ka maladi atranpan ou konnen oswa sispèk, tankou COVID-19. Depatman sante a pral gide w sou sitiyasyon espesifik, tankou si, ki lè ak kijan pou w teste travayè agrikòl yo.
- Kreye pwotokòl pou w kenbe yo li ski gen non ak nimewo telefòn aksesib anplwaye yo. Enfòmasyon sa a esansyèl nan ka kote yon anplwaye teste pozitif oswa yo mete l nan karantèn e sa pral pèmèt swivi nesèsè founisè swen sante, rechèch kontak ak apwobasyon pou retounen travay.
- Kontakte DLLR Maryland pou rapòte nenpòt chanjman ki gen rapò ak lojman pou travayè agrikòl migran yo.

Adisyonèl resous agrikòl espesifik FDA ak CDC bay:

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/guidance-agricultural-workers.html>

CDC Toolkit ak Resous (Plizyè Langaj)

https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/communication-toolkit.html?deliveryName=USCDC_2067-DM30162

Resous Enprime CDC, Siyalizasyon ak Enfografi

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/communication/print-resources.html?Sort=Date%3A%3Adesc>

Evalyasyon Anplwayè Agrikòl CDC ak Lis Kontwòl yo

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/pdf/Agricultural-Employer-checklist.pdf>